# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 मई 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि ऑपरेसन सिंदूर खाली एगो सैन्य कार्रवाई नाहीं हौ बलुक भारतवासियन के मूल्य अउर भावना क एगो अभिव्यक्ति हौ। गुजरात के दाहोद में एगो जनसभा के सम्बोधित करत आजु उहां के ई बाति कहलीं।

**ऑपरेशन सिंदूर सिर्फ एक सैन्य कार्रवाई नहीं है। यह हम भारतीयों के संस्कारों हमारी भावनाओं की अभिव्यक्ति है, आतंक फैलाने वालों को सपने में भी सोचा नहीं होगा कि मोदी से मुकाबला करना कितना मुश्किल होता है।**

**********

आतंकवाद के खिलाफ ऑपरेसन सिंदूर क जबरजस्त सफलता के उछाह के बिच्चे सज्जो देस भारतीय जवानन के सौर्य अउर साहस के नमन कइ रहल बा। ससस्त्र बलन के प्रति सम्मान अउर कृतज्ञता के रूप में आकाशवाणी समाचार खास श्रृंखला प्रसारित कइ रहल हौ। येही क्रम में हमनी के ओन्नइस सौ पैंसठ के भारत–पाकिस्तान युद्ध में सर्वोच्च बलिदान देवे वाले परमवीर चक्र विजेता कंपनी क्वार्टर मास्टर हवलदार अब्दुल हमीद के इयादि कइ रहल हईं। एगो रिपोर्ट

**1933 में उत्तर प्रदेश के गाजीपुर में जन्मे कंपनी क्वार्टरमास्टर हवलदार अब्दुल हमीद दिसम्बर 1954 में 4 ग्रेनेडियर्स में भर्ती हुए थे। 1965 के भारत–पाक युद्ध के दौरान 8 सितंबर की रात पाकिस्तानी सेना ने ग्रेनेडियर्स के ठिकानों पर कई हमले किए लेकिन इन हमलों में दुश्मन को खदेड़ दिया गया। 10 सितंबर की सुबह भीषण गोलाबारी के साथ–साथ पाकिस्तानी पैटन टैंकों की एक रेजिमेंट ने बड़ा हमला किया। उसी सुबह 9 बजे तक, दुश्मन के टैंक अग्रिम ठिकानों पर पहुंच गए थे। इस महत्वपूर्ण क्षण में, एक रिकॉइललेस गन की कमान संभाल रहे कंपनी क्वार्टरमास्टर हवलदार अब्दुल हमीद भारी गोलाबारी के बीच अपनी बंदूक को जीप पर चढ़ाकर एक तरफ गए और बड़ी ही सटीकता के साथ, उन्होंने दुश्मन के मुख्य टैंक को नष्ट कर दिया और टैंक को नष्ट करने के लिए उन्होंने अपना स्थान बदला। इस गोलाबारी के बीच एक अन्य टैंक को नष्ट करने का प्रयास करते समय एक उच्च विस्फोटक शैल से वे घातक रूप से घायल हो गए। उनकी इस बहादुरी और बलिदान के लिए उन्हें मरणोपरांत परमवीर चक्र से सम्मानित किया गया। सकलेन अख्तर, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु अपने कार्यकाल क इग्यारह बरिस पूरा कइ लिहले हवें। अजुये के दिन्ने बरिस दुइ हजार चउदह में श्री मोदी भारत के प्रधानमंत्री के रूप में सपथ लिहले रहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ स्थित लोकभवन में आयोजित समारोह में बेसिक शिक्षा परिषद के अंतर्गत प्रदेस के एक सौ ओन्तालीस उच्चीकृत कस्तूरबा गांधी बालिका विद्यालयन के नया बनल भवन आ अतिरिक्त डॉरमेट्रीक क लोकापरण कइलें। सथहीं उहां के तैंतालीस मुख्यमंत्री मॉडल कम्पोजिट विद्यालयन अउर छाछठ मुख्यमंत्री अभ्युदय कम्पोजिट विद्यालयन क सिलान्यासो कइलीं। येह दौरान मुख्यमंत्री यूनिफॉर्म, जूता–मोजा, स्कूल बैग अउर स्टेसनरी खरीदे बदे छात्रन के अभिभावकन के बैंक खाता में बारह–बारह सौ रूपिया क धनरासि डीबीटी के जरिये भेजलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस के हर विधानसभा क्षेत्र में एगो मुख्यमंत्री कम्पोजिट विद्यालय स्थापित कइले क घोसणा कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु संतकबीरनगर जिला के तामेश्वरधाम में आयोजित समारोह के दौरान एक हजार पांच सौ पनरह करोड़ रूपिया के पांच सौ अट्ठाइस विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। ई परियोजना पर्यटन विकास, पियले क पानी, सिक्षा अउर स्वास्थ्य से जुड़ल हौ। बाबा तामेश्वरनाथ क दरसन–पूजन कइले के बाद समारोह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री अधिकारियन के बाबा तामेश्वरनाथ धाम कॉरिडोर क कार्ययोजना बनावे क निरदेस दिहलें। उहां के कहलीं कि येह कार्य योजना में परभावित ब्यौपारियन के व्यवस्थित पुनर्वास पर खास धियान होखे के चाही।

**********

आजु सोमवती अमौसा अउर वट सावित्री क तिउहार हौ। येह मौका पर प्रयागराज के पवित्र संगम में ढेरि संख्या में सरधालु आस्था क डुबकी लगवलें अउर पूजा–पाठ कइलें। सथहीं बरत करे वाली महिला लोगि अखंड सौभाग्य बदे बरगद के पेड़ क पूजा अउर पैकरमा कइ के कच्चा सूत क फेरी दिहलिनि। बनारस जिला में नमामि गंगे येह मौका पर लोगिन के बरगद क पौधा लगवले क संकल्प दियवलस। प्रदेस के उन्नाव, फर्रूखाबाद अउर अजोध्या के सथहीं कई जिलन में महिला लोगि उपास रखि के रिवाज के मोताबिक पूजा–पाठ कइलिनि।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पच्छिमी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं एकतीस मई ले, ओहीं पूरबी उत्तर प्रदेस में एक जून ले कुछु जगहिनि पर बरखा अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ।

**********